

25

janvyè

Paske Bondye te tèlman lemond, li bay sèl Pitit gason l lan, dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou yo genyen lavi etènèl. Jan 3. 16

Donk, kounye a, pa genyen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezi kris. Women 8. 1

Tout moun koupab, yon remèd pou tout moun

Sòm 32. 1-5

Zafè koupab la deranje moun. Gen kèk moun ki menm ankouraje pitit yo pou yo pa itilize mo “fot” ni pou yo di yo te aji “mal”. Yo di konsa y ap evite yo twomatize yo sikolojikman e konsa ya fè yo vin granmoun ki san konplèks.

Men se pa konsa Bib la pale. Li di epi li pwouve l, tout moun koupab. Li koupab dabò devan Bondye, li dezo-beyi. Men anpil fwa tou li koupab anvè moun menmjan ak li yo. Se menm bagay la pou tout moun : “Tout moun peche epi yo manke glwa Bondye” (Women 3. 23). Sa ki mal se sa ki mal, e yo dwe pini moun ki fè l la yon fason kanmenm.

Santans sa Bondye pran ta va lage nou nan dezespwa si Bondye lanmou sa pa t montre nou mizerikòd li. Si li pa ka wè sa ki mal, men li renmen tout moun, e sila ki mande padon pou eta li epi ki mete konfyans li nan Jezi Kris va jwenn padon san manke moso epi pou tout tan. Bondye te kondane pwòp pitit li a nan plas chak pechè ki repanti ; Bondye di moun sa vin jis e li efase fot li yo.

Sa ka tèrib lè nou reyalize kòman nou koupab devan Bondye. Men se yon jwa nou pap janm bliye epi yon delivrans etènèl, lè nou jwenn padon li ! Wa David pa t janm regrèt dèske li te konfese peche li (Sòm 32), e li envite nou pou nou kapab di ansanm avè l : “Ala bon sa bon pou yon moun, lè Bondye pa gade sou fot li fè, lè Bondye padone peche l yo”.

25 janvier

Dieu a tant aimé le monde qu'il a donné son Fils unique, afin que quiconque croit en lui ne périsse pas, mais qu'il ait la vie éternelle. Jean 3. 16

Il n'y a donc maintenant aucune condamnation pour ceux qui sont dans le Christ Jésus. Romains 8. 1

Tous coupables, un remède pour tous !

Psaume 32. 1-5

La notion de culpabilité dérange. Certaines personnes encouragent même à éduquer les enfants sans employer le mot "faute" ni leur dire qu'ils agissent "mal". On leur éviterait ainsi un traumatisme psychologique et on en ferait des adultes décomplexés.

Mais la Bible ne parle pas ainsi. Elle affirme et démontre que tout être humain est coupable. Il l'est d'abord envers Dieu, à qui il désobéit. Mais il l'est aussi très souvent vis-à-vis de ses semblables. Le constat est identique pour tous : "Tous ont péché et sont privés de la gloire de Dieu" (Romains 3. 23). Le mal est le mal, et celui qui le commet doit être sanctionné d'une manière ou d'une autre.

Ce verdict divin serait désespérant si le Dieu d'amour ne nous avait pas montré sa miséricorde. S'il ne supporte pas le mal, Dieu aime chaque individu, et celui ou celle qui confesse son état et met sa confiance en Jésus Christ est assuré d'un pardon plein et définitif. Dieu a puni son propre Fils à la place de tout pécheur repentant ; celui-ci est donc déclaré juste, et ses fautes sont effacées.

Cela peut être terrible de découvrir la grandeur de notre culpabilité devant Dieu. Mais c'est une joie inoubliable et une délivrance éternelle de recevoir son pardon ! Le roi David n'a jamais regretté d'avoir confessé son péché (Psaume 32), et il nous invite à pouvoir nous exclamer avec lui : "Bienheureux celui dont la transgression est pardonnée, et dont le péché est couvert !"